*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№145 (26597)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2026 азы 13 август – майрæмы мæйы 13 бон, цыппæрæм

Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:
2 АУДЫНАД *Диспансеризаци – иу бонмæ*
3 ТЕМАТИКОН ФАРС *«Кæм? Кæд? Цы?»*
4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ *Футбол*

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
https://max.ru/id1504031916_gos

**Фембæлд**

## Курдиæттæм æркæсдзысты

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей Меняйло фембæлд республикæйы цæрджытимæ. Сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджыты хиуæттæ алыхуызон фарстатимæ бахатыдысты регионы разамонæгмæ.**

**Фембæлды архайдтой РЦИ-Аланийы Хицауад æмæ Сæргълæууæджы Администрацийы разамонæджы фыццаг хæдивæг Биасты Игорь æмæ Сæрмагонд æфсæддон операцийы зонæйы æбæрæгæй фесæфæг æфсæддонты агурæг центры разамонæг Арзу Мамедова.**



**Æфсæддонты бинонтæн Цæгат Ирыстоны цæуы алывæрсыг æххуыс. Республикæйы Хицауадæн ацы фарста у ахсджиаг æмæ фыццаградон. Æппæт курдиæттæ дæр бæрæггонд æрцыдысты. Сергей Меняйло бафæдзæхста æркæсын алы фарстамæ дæр.**

## Мæскуыйы æххуыс æмæ æмгуыстады фарстатæ

**Хуссар Ирыстоны Сæргълæууæджы хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг ХЪАМБОЛТЫ Марат фембæлд Мæскуыйы мэр Сергей СОБЯНИНИМÆ.**

Мæскуы æмæ Хуссар Ирыстоны иу кæны сæрмагонд истори. 2008 азы августы бæллæхы рæстæг Уæрæсейы сæйраг горæт фыццæгтимæ æрбацыд æххуысмæ. Мæскуы архайдта пырхгонд Цхинвал фæстæмæ йæ къæхтыл слæууын кæныныл, йæ рацаразыныл. Сарæзта микрорайон «Московский» æмæ ног скъола. Уыцы æххуыс ныр дæр Хуссар Ирыстоны цæрджытæй рох нæу, аргъ ын кæнынц абон дæр.

– Уæрæсейы Федерацийы Президент Владимир Путины фæдзæхстмæ гæсгæ, Мæскуы дарддæр дæр æххуыс кæндзæн нæ республикæйæн. Абон мах Сергей Собянинимæ æрныхас кодтам уыцы æмгуыстады бæлвырд фарстатыл. Баныхас кодтам Хуссар Ирыстонæн фæндаггон æмæ арæзтадон техникæйæ баххуыс кæныныл, сног кæнын æмæ рацаразын спортивон фæзуæттæ, – фæбæрæг кодта Хъамболты Марат.

Уæлдай æргом аздæхтой ахуырады къабазмæ. Хуссар Ирыстоны 30 скъолайы бабæтдзысты мæскуыйаг скъолатимæ. Уый фадат ратдзæн ахуыргæнджытæ æмæ ахуырдзауты 'хсæн фидар бастдзинæдтæ саразынæн, фæлтæрддзинадæй хай кæнынæн æмæ иумæйаг ахуырадон проекттæ æххæст кæнынæн.



– Ныхас кодтам Хуссар Ирыстоны минæварадæн Мæскуыйы бæстыхай радих кæныныл. Сергей Собянин нын зæрдæ бавæрдта уыцы хъуыддаджы баххуыс кæнынæй. Бузныг зæгъын Сергей Семены фыртæн, Хуссар Ирыстонмæ йын цы хъарм зæрдæйы ахаст ис, алкæддæр хъуыддагæй баххуыс кæнынмæ цæттæ кæй у, уый тыххæй. Мæскуы нын æххуыс кодта, хæсты фæстæ дæрæнгонд цы бæстыхæйттæ æрцыдысты, уыдон сног кæныны хъуыддаджы. Абон дæр иумæ кусæм, цæмæй Хуссар Ирыстон дарддæр дæр рæза, ууыл, – бахахх кодта Хъамболты Марат.

**ХЪОЙБАЙТЫ Галинæ**

**Æвзæрстыты агъоммæ**

## Дæ хъæлæс – Уæрæсейы тых

**Уæрæсейы Федерацийы федералон закъоны бындурыл, Федералон Æмбырды Паддзахадон Думæмæ депутаттæ æвзарæн кампани цæудзæн æртæ боны – 18, 19 æмæ 20 сентябры. Ахæм æвзæрстытæ ма уыдысты 2021 азы.**

Сусæг хъæлæс кæнгæйæ, граждæнтæ равзардзысты 450 адæймаджы фондз азы æмгъуыдмæ. Уыдонæй 225 æвзæрст цæудзысты иумандатон, 225 та – федералон æвзарæн зылдтæм гæсгæ. Республикæ Цæгат Ирыстон-Алани федералон номхыгъды у 30-æм иумандатон æвзарæн зылд.

Нæ республикæйы кусдзæн дæс территориалон æвзарæн къамисы. Ацы æмæ æндæр цымыдисаг информаци «Рæстдзинад»-ы редакцийы коллективимæ фембæлды рæстæг радзырдта Дзæуджыхъæуы Галиуварс районы территориалон æвзарæн къамисы сæрдар **Габеты Марат**.

– Цыбыр рæстæг ма баззад Паддзахадон Думæйы фарæстæм æрсидты депутатты æвзæрстытæм. Æвзарæн къамистæ кусдзысты райсомы 8 сахатæй изæры 8 сахатмæ. Алы участочы дæр уыдзæн бархионтæ, уыдон алывæрсыг æххуыс кæндзысты фæкæсынхъуаг адæмæн.

Фыццаг хатт чи хъæлæс кæндзæн, уыцы 18-аздзыд фæсивæдмæ æнхъæлмæ кæсдзысты æхсызгон лæвæрттæ.

Ныртæккæ нæ республикæйы хъæлæс кæнæн ис æртæ хуызы. Фыццаг – традицион: паспортимæ бацу дæхи æвзарæн къамисмæ. Дыккаг – рагацау, дæ фæндон фехъусын кæнгæйæ, схъæлæс кæнæн ис, хæдзарæй нæ рацæугæйæ. Æртыккаг фадат дæтты территориалон æвзарæн къамисы, кæнæ портал Госуслуги, МФЦ-йы, уыцы бон дæ кæм æрæййафа, уым дæ хъæлæс раттынæн.

Æвзарæн участокты уæнгтæ 20 августы райдайдзысты номхыгъдтæ сбæлвырд кæнынæн æвзарджытимæ æмбæлын. Зилдзысты хæдзар-хæдзар. Сæ уæлæ сæрмагонд дарæс,



риуылдаргæ нысан, æвзарæн кампанийы логотипимæ хызын, планшет. Кандидаттæ æмæ партиты тыххæй информаци, хуынды гæххæтт æмæ алкæмæн дæр зæрдылдарæн лæвар уыдзæн къамисы уæнгтæм.

Уæ хорзæхæй, сæмбæлут æмæ уæ хъæлæс раттут хуыздæрты хуыздæрæн. Ма фæзивæг кæнут – алы хъæлæс дæр ахсджиаг у.

**ГУГКАТЫ Жаннæ**

**Æвæстиат æмбырд**

## Цæстдарды ног хуыз

**Цæгат Ирыстоны Хицауады хæдзары равзæрстой, 2026 азы 1 сентябрæй йæ тыхы чи бацæудзæн, уыцы цæстдарæн мадзал. Кусæг æвæстиат æмбырд амыдта экономикон рæзты министры хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг Олег БЫКАДОРОВ, рæгъмæ рахастæуыд цæстдарæн мадзалы ног хуыз.**

Сæйрагдæр ивддзинæдтæ баст сты бархæлдтытæ бæрæг кæныны автоматизацийы хызæй пайда кæнынимæ. Зæгъæм, ивар рафыссыны æмæ административон хъуыддаг байгом кæнынæн æрмæстдæр хъæуы Товартæм цæстдарыны паддзахадон информацион хызы хатдзæг, зындгонд у куыд «Честный знак».



«Роспотребнадзор»-ы регионалон управленийы фæлхасгæнджыты бартæ хъахъхъæнæг хайады хицау **Плиты Аннæ** куыд радзырдта, афтæмæй зилдухы архайджытæн сæ фылдæр нырма æргом нæ аздæхтой сæ хыгъдон хызтæм, сæ рæдыдтытæ базонынц управленийы кусджытæй. «Афтæмæй та хъуамæ сæ алчидæр йæхи бæрæг кæна, 1 сентябрæй алы æнæ рæстаг къахдзæф дæр дæтдзæн ивар бафидыны уагæвæрд», – загъта хайады разамонæг.

Куыд ма фæбæрæг кодта, афтæмæй амалхъомтæн амонынц «Честный знак»-ы сæхи сбæрæг кæнын, кассæты ифтонггæрзты æмбæлгæ куыст равзарын, зилдухы уæвæг товарты маркæты æмгъуыдтæм цæстдарын, тамако æмæ никотинхъæстæ продукцийы æргъты гæрæнтæй æддæдæр нæ хизын.

Административон бархæлдтыты тыххæй суагъæ фыст нæ цæудзæн, хъуыддаджы тыххæй уынаффæ æнæ бархалæгæй электронон хуызы хаст цæудзæн. Сæ къопитæ, хъуыддаджы æрмæджытæ бархалæгмæ æрвыст цæудзысты автоматикон æгъдауæй. Нымад цæудзысты бархæлды æртæ хуызы: товар уæй кæныны æмгъуыд куы ралæууа, фæлæ йæ куы ауæй кæной, уæд ивар – 20 мин сомы иу иуæджы тыххæй. Тамако æмæ никотинхъæстæ продукцийы æргъты гæрæнтæ хæлд куы æрцæуой, уæд ивар – 500 мин сомы. Тамако æмæ никотинхъæстæ продукци æнæ регистрацийæ куы уæй кæной, уæд ивар – 50 мин сомы. Мæнæ аххосджын нæ дæн, нæ зыдтон, ахæм æфсæнттæн дзы бынат нæй.

Автоматикон æгъдауæй административон бæрнондзинад бадомыны ног фæтк амалхъомтæй домы маркировкæ кæныны уагæвæрдтæ æмæ бæрæггæнæнтæ хызмæ æвæстиатæй дæттыны хъуыддаг.

**«Роспотребнадзор»-ы регионалон управленийы пресс-службæ**

**Кусæг балц**

## Мæздæджы районы скъолаты цæттæдзинад

**РЦИ-Аланийы ахуырады ведомствæйы разамонæг АЛЫБЕГТЫ Эллæ бабæрæг кодта Мæздæджы район. Министр районы сæргълæууæг Станислав НИКИФОРОВИМÆ æрзылд скъолатыл, рæвдауæндæттыл.**

Ног ахуыры азы агъоммæ ахуырады кусæндæтты цæттæдзинадмæ йæ хъус æппынæдзух дары республикæйы Сæргълæууæг Сергей Меняйло. Уый æмбырдтæ æмæ æндæр хъуыддаджы ныхасы рæгъмæ рахæссы ахуырады кусæндæтты бындурон цалцæджы, зындзинæдтæ, къуылымпытæ, ахуыры азы райдайæны размæ алыг кæнын кæй хъæуы, ахæм фарстатæ.

Уымæ гæсгæ районтæм ахæм кусæг балцытæ сты хъæугæ æмæ ахадгæ. Бынæтты фенæн ис конд хъуыддæгтæ, цавæрдæр аиппытæ, æрмæст бæстыхæйттæм нæ каст Алыбегты Эллæ, фæлæ ахуырады хаймæ дæр. Зæгъæм, пълантæ æмæ урокты фæткы арæзтмæ, ахуыргæнджытæ фаг кæнынц æви нæ, кълæсты цалгай ахуырдзауы ис, хъарм хæринагæй ифтонгадмæ, æндæр нысантæм.

Арæзтады министрады минæваримæ æрзылдысты, бындурон цалцæг кæм цæуы, уыцы агъуыстытыл.



Федтой инженерон хызтæ, цалцæджы æмгъуыдтæ, хæринаггæнæнтæ, фæзуæттæ. Раздольноейы хъæуы скъолайы рагон сконд ивд æрцыд нырыккон ахуырадон бæстыхайæ. Хицæн ныхас бацахстой, РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей Меняйло цы комкоммæ хæстæ сæвæрдта, уыдон. Бынæтты сыл куыст цæуы, фæлæ уæддæр ам бафæрсын æмбæлы æмгъуыдтæй, цытæ ма хъæуы саразын, уыдæттæй. Кæд æмæ хъуыддаг домы уæлæмхасæн архайд, уæд æй бынаты алыг кæнæн ис.

Министрады кусджытæ ма федтой Мæздæджы механикон-технологон техникумы фадæттæ. Ныхас рауад исæн къамисы куысты фæдыл, дæсныйад куыд агуырд цæуы, студентты практикон архайд, кадртæй ифтонгад æмæ куыстдæтджытимæ æмгуыстадыл. Алыбегты Эллæ куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй ахсджиаг у ахуыры азы агъоммæ æппæт тыхстаг хъуыддæгтæ фенын, куыд сыл архайынц, алы фарста дæр кæронмæ ахæццæ кæнын.

**РЦИ-Аланийы Ахуырад æмæ наукæйы министрады пресс-службæ**

**Дзырды фарн**

***Кæй нæ ныма́йай, уымæн уарзæн дæр нæй.***

*ÆМБИСОНД*

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| Боныхъæд | Gismeteo-йы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, **13 августы** нæ уардзæн. Уæлдæфы температурæ – **19-27 градусы хъарм.** | Боны дæргъ — 14,00 | Хурыскаст — 05,06<br>Хурныгуылд — 19,06 | Валютæйы аргъ | Доллар — 82,61<br>Евро — 95,29 | 12 + |

Æхсызгон цау

# Йæ ном рох нæу абон дæр

**Монголийы арæнхъахъхъæнæн къордтæй иуы фæзуаты кадджын уавæры байгом кодтой Советон Цæдисы дыууæ хатты Хъæбатыр, Монголы Адæмон Республикæйы Хъæбатыр, æфсады инæлар Плиты Иссæйы цыртдзæвæн. Уый тыххæй фехъусын кодта РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей Меняйло.**

**1945 азы Советон-япойнаг хæсты рæстæг северон хæстон разамонæг команды кодта Забайкальейы фронты иумæйаг советон-монгойлаг бæхджын-механизацигонд æфсæдты къордæн.**

**– Иссæйы ном Монголийы хорз зонынц, сæ зæрдыл дарынц æмæ йын нæ рох кæнынц йе сгуыхтдзинæдтæ. Мах сæрыстыр стæм нæ кадджын æмзæххонæй, æмæ йын Ирыстонæй дард ран дæр йæ номæн стыр аргъ кæй кæнынц, уымæй, – фæбæрæг кодта Сергей Меняйло.**

**Республикæйы разамонæг ма нын нæ зæрдыл æрлæууын кодта, ацы цыртдзæвæн зындгонд хæстон разамонæгæн Монголийы зæххыл фыццаг кæй нæу. Раздæр Плиты Иссæйы цыртдзæвæн сæвæрдтой Улан-Баторы Зайсан хохы сæр мемориалон комплексы. Уымæй уæлдай, инæлары ном хæссы сæйраг горæты 49-æм скъола. Йæ кæрты ис Плиты Иссæйы цыртдзæвæн дæр.**



*ХЪОЙБАЙТЫ Галинæ*

Социалон фондæй

# Нырыккон протезæй сифтонг кодтой

**Уæрæсейы Социалон фонды цæгатирыстойнаг хайад 15-аздзыд мæздæггаг Альбинæйы сифтонг кодта зæнджы нырыккон протезон-ортопедон дзаумайæ.**

**4,3 милуан сомы аргъ реабилитацийы вазыгджын-технологион фæрæз чызгæн раттой лæвар. Альбинæйæн арæзт модулон протез ифтонггонд у интеллектуалон системæйæ: микропроцессорон кусæнгарз адæймаджы цыды фæтк иртасы æмæ иу ранæй иннæ ранмæ æнæкъуыхцыйæ цæуынæн ахъаз кæны.**

**– Ирыстойнæгтæн кæй дæттæм, алы уыцы дзаума дæр адæймагæн цæмæй бæзза æмæ йын ногæй цæуынıл сахуыр уæвынæн цæмæй ахъаз кæна, ууыл архайæм. Протезæй кæй сифтонг кодтам, уыцы чызджы реабилитаци æнтыстджынæй кæй ацæудзæн æмæ Альбинæ царды хуымæтæджы фæткмæ кæй æрбаздæхдзæн, уыдæттыл зæрдæ дарын, – загъта амынд хайады разамонæг Милдзыхты Аслан.**

**Ацы аз Социалон фонды регионалон хайад дыууæ минæй фылдæр сахъат адæймаджы сифтонг кодта реабилитацийы техникон фæрæзтæй. Ацы хъуыддагæн кæй рахай кодтой, 300 милуан сомы бæрц уыцы фæрæзтæй 135 милуан сомы бахардз кодтой æцæг фæрæзтæй адæмы сифтонг кæнынıл,165 милуан сомы та – электронон сертификаттæ саразыны хъуыддагыл.**

**Фæрстытæ уæм кæд баззадысты, уæд уæм ис 8-800-100-00-01 телефонæй Уæрæсейы Социалон фонды иумæйаг контакт-центрмæ лæвар фæдзурыны бар (УФ-йы Социалон фонды цæгатирыстойнаг хайады линийы куысты фæтк: къуырисæрæй цыппæрæммæ – 9:00 сахатæй 18:00 сахаты онг, майрæмбоны та – 9:00 сахатæй 16:00 сахаты æмæ 45 минуты онг).**

*УФ-йы Социалон фонды цæгатирыстойнаг хайады пресс-службæ*

Хъæууон хæдзарад

# Хорæфснайæнтæ сæ тæмæны




**Аграриты ныхæстæм гæсгæ, кæд боныхъæды уавæртæ бынтон хорз нæ уыдысты, уæддæр сын бантыст сæ тауинæгты фылдæр хай сæрмагонд бакуыстыты фæрцы бахъахъхъæнын.**

Дыгуры районы активонæй цæуы хорæфснайæн куыст. Æмбырд кæнынц афæдзы афонтæм гæсгæ культуртæ. Быдырты хорæфснайæн техникæ кусы сæумæцъæхæй суанг изæрдалынгтæм. Комбайнтæ иу иннæйы фæдыл быдырты цæуынц, мæнæуы ‘фсиртæ сæ зæнгæй хицæнгæнгæйæ. Быдырты ныр æфснайынц фæззыгæнд мæнæу. Сæ куыстытæ райдыдтой къуырийы размæ, комбайнерты хæс у 1400 гектары бафснайын, æмæ сын ныр боныхъæд дæр «æххуысгæнæг» фæци. Дыгуры районы администрацийы хъæууон хæдзарады управленийы раззагдæр специалист **Золойты Роберт** радзырдта сæ куысты тыххæй бæлвырд. Куыд загъта, афтæмæй фæззыгæнд хор æфснайд фæуыдзæн дыууæ къуыримæ.

– Нæ зæрдæ дарæм хорз æмæ хъæздыг тыллæгыл. Хуымгæнды зæххытæ сты 15900 гектары, уыдонæй 2710 – фæззыгæнд культуртæн, уыцы 2710 та – 236 фæззыгæнд хъæбæрхорæн, ныридæгæн æфснайд æрцыд. Тагъд ногæй хуым кæнынмæ бавналдзыстæм, – загъта Золойы-фырт.

Цалынмæ техникæ быдырты кусы, уæдмæ аграритæ сæ хорæрзады фыццаг бæрæггæнæнтæ бахыгътой. Рæстæмбис нымадæй, иу гектарæй ацы аз мæнæу сисдзысты цыппар-фондз тоннæйы. Сæ архайд æнтыстджын рауад, кæд уалдзæг æмæ сæрд къæвдаджын уыдысты, уæддæр сын сæрмагонд бакуыстыты фæрцы бафтыд сæ хуымгæндтæ бахъахъхъæнын. Æдæппæтæй Дыгуры районы хуымгæнды зæххытæ ис 16 мин гектары. Мæнæу бафснайыны фæстæ аграритæ рахиздзысты нартхор кæрдынмæ. Ацы культур бацахста быдырты иу хай, 700 гектары та – æхсынæнтæ. Æхсынæнты æфснайæн куыстытæ райдайдзысты сентябры кæрон, октябры райдайæн. Фæззыгæнд мæнæуы фæстæ та хъæууон хæдзарады кусджытæ бавналдзысты быдыртæй хъæмп сисыны куыстмæ, цæмæй дарддæр хуым кæныны афонмæ сæхи бацæттæ кæной.

**Вадим ГАНЖА,**
**«Алани»-йы хабæрттæ**

Аудынад

# Диспансеризаци – иу бонмæ

**Ацы азы райдианæй нырмæ сæрмагонд æфсæддон операцийы æртæсæдæ ветеранæй фылдæр Цæгат Ирыстоны ацыдысты биноныг диспансеризаци.**



Фонд «Фыдыбæстæ хъахъхъæнджытæ» кæй бавдыста, уыцы фæткмæ гæсгæ диспансеризаци ахæссы æрмæст иу бон, æмæ йæ баххæст кæнынц раззагдæр медицинон кусæндæтты. Хъæууон районты цæрæг ветеранты баласынц медицинон кусæндонмæ æмæ фæстæмæ.

– Нæ фонд кусын цы бон райдыдта, уыцы бонæй фæстæмæ сæрмагонд операцийы ветерантæн медицинон æххуыс æмæ сæ иумæйаг реабилитацийы фарстатæм сæйраг æргом здахæм. Ветерантæн бæстæйы цыфæнды регионы дæсны æххуыс райсыны фадат цæмæй уа, æмгуыстгæнджытимæ иумæ æппæт гæнæнтæй ууыл архайæм. Сæрмагонд æфсæддон операцийæ æрбаздæхæг адæммæ ис хуыздæр специалистты æххуыс æмæ фыдыбæстон медицинæйы размæдзыддæр технологитæй спайда кæныны бар, – зæгъы Уæрæсейы хъахъхъæнынады министры хæдивæг, паддзахадон фонд «Фыдыбæстæ хъахъхъæнджытæ»-йы сæрдар **Анна Цивилева**.

Сæрмагонд æфсæддон операцийы цæгатирыстойнаг архайджытæ лæвар диспансеризаци цæмæй ацæуой, уымæн фадæттæ сарæзтой амынд фонды регионалон хайад æмæ нæ республикæйы Æнæниздзинад хъахъхъæнынады министрад.

Диспансеризацимæ хауынц хирургы, отоларингологы, травматологы, неврологы, терапевты, стæй цæстыты æмæ зæрдæйы низты дохтырты иртасынад, медицинон анализтæ, ЭКГ æмæ флюорографи. Ист цæфтæ ныmайгæйæ, уæлæмхасæн специалистты ‘рбахуындимæ ветерантæн иу боны дæргъы диспансеризаци ацæуыны фадат кæм ис, ахæм раззагдæр медицинон кусæндæттæ бæлвырдгонд æрцыдысты.

**Нæ уацхæссæг**

Коммуналон фарстатæ

# Донуадзæн хæтæлтæ ивынц

**Дæсгай азты дæргъы Горæтгæрон районы Сунжæйы чи бамбырд, куыстуат «Водоканал» дон ифтонгадимæ баст уыцы фарстатæ къæпхæнгай лыг кæны.**



Дон-иу канистрæты дарын куы бахъуыд, сунжæйæгтæ уыцы заман рох кæнын райдыдтой. Донифтонгады системæ парахатæй кæй сног кодтой, уый фæрцы дон цæрæнуæттæм æнæкъуылымпыйæ æфты.

– Раздæр-иу дон кæй мидæг дардтам, ныр нæ уыцы канистрæтæ нал хъæуынц. Æз сæ скъæты ‘фснайдæй дарын. Дон нæм нывыл æлхъывдадимæ цæуы, – зæгъы сунжæйаг **Багаты Людмилæ**.

Ивгъуыд æнусы 50-æм азты кæй сарæзтой, хъæуы уыцы центрон донуадзæн системæ бынтон баихсыд.

Донуадзæн хызтæ «Водоканал»-ы бæрны куы бакодтой, уæд паддзахадон унитарон куыстуат «Донифтонгад æмæ дон иуварсуадзæн республикон куыстуат»-ы специалисттæ донуадзæн хæтæлтæ парахатæй нывыл кæнын райдыдтой.

– Зæххы бын дыууæ мин дыууæсæдæ фæндзай метры дæргъæн нырыккон полиэтиленон хæтæлтæ сæвæрыны фæстæ фæстаг афæдз æмæ æрдæджы дæргъы Сунжæ ног донуадзæн системæимæ баиу кодтой. Уымæй уæлдай, Шаумяны, Ирыстойнаг, Сомихаг, Челæхсайы-фырты, Револююци æмæ Цхинвайлаг уынгты зæронд донуадзæн хæтæлтæ ногтæй баивтой. Рæхджы Шаумяны уынгæй Тельманы уынджы онг Фæскомцæдисон уынгыл цæуæг базæрондуæвæг донуадзæн хæтæлтæ ногтæй баивдзыстæм, – зæгъы «Донифтонгад æмæ дон иуварсуадзæн республикон куыстуат»-ы Горæтгæрон районы хайады директор **Дзукъаты Сослан**.

Уыцы иу рæстæг специалисттæ донифтонгады гуырæнты кусынхъомдзинады къæпхæн уæлдæр кæнынц. Бындуронæй кæй сцалцæг кодтой, донæй ифтонггæнæг уыцы цъассы кусынхъомдзинады бæрц æртæ хатты фæфылдæр. Тарскæйы дыууæ цъассы куы рацарæзтой, уæд донифтонгады системæмæ уæлæмхасæн æфтын райдыдта сахатмæ 400 кубометрæй фылдæр дон.

**«ОсНова»**

Барадхъахъхъæнджыты куыст

# Ног паспорт райста

**Алагиры районы мидхъуыддæгты хайады миграцион службæйы кусджытæ Грецийы цæрæг не ’мбæстаг сылгоймагæн Уæрæсейы Федерацийы паспорт райсын баххуыс кодтой.**



Æртын азæй фылдæр Грецийы чи цæры, Ирыстонæй рацæуæг уыцы сылгоймаг **Чехойты Эльмæ** амынд миграцион службæмæ курдиат барвыста. Бирæ азты дæргъы фæсарæйнаг бæстæйы цæрæг не ’мзæххон сылгоймаг цалдæр хатты цыбыр рæстæгмæ Ирыстонмæ ‘рбацыд.

Царды ‘рцæуы алыхуызон цаутæ. Эльмæйы хион адæймаг кæй фæзиан, уый нымайгæйæ, сылгоймаг æвæстиатæй йæхи ‘рцæттæ кодта Ирыстонмæ ‘рбацæуынмæ. Фæлæ, фæсарæйнаг паспорты архайды æмгъуыд кæй аивгъуыдта, уæрæсейаг паспорт та кармæ гæсгæ афоныл ивд кæй не ’рцыд, уыдæттæ нымайгæйæ, сылгоймаджы балц фæкъуыхцы. Фæсарæнты цæрыны заман сылгоймагæн хуымæтæджы уагæй ног документ райсын кæй нæ бантыст, уымæ гæсгæ Эльмæйы бахъуыд Алагирмæ ‘рбацæуын.

Бынæттон мидхъуыддæгты хайады кусджытæ бацæуæг сæм сылгоймаджы уавæр рæвдз рахатыдысты æмæ йын æмбæлгæ гæххæттытæ саразын баххуыс кодтой. Эльмæ цыбыр рæстæгмæ йын ног паспорт раттæг пъæлицæйы кусджытæн зæрдиаг арфæ ракодта. Фæстæдæр сылгоймаг ног фæсарæйнаг паспорт куы райса, уæд ын Уæрæсейæ Грецимæ æмæ фæстæмæ æнæкъуылымпыйæ цæуыны фадат уыдзæн.

**ГÆЗЗАТЫ Зæринæ,**
**Алагиры районы мидхъуыддæгты хайады инспектор**




# Арæнхъахъхъæнджыты ног бартæ

**Уæрæсейы Федерацийы Арæнхъахъхъæнæн управлени у Уæрæсейы Федерацийы Ædасдзинады федералон службæйы сæрмагонд сконд.**

Бæрæг куыд у, афтæмæй йæ хæстæ сты – фæнды доны сæрты, фæнды – хус фæндæгтыл цæуæг, фæнды уæлдæфы – паддзахадон арæнтæ хъахъхъæнын, арæнты сæртыл хизыны уагæвæрд æххæст кæнынмæ цæст дарын æмæ закъонхалæн цаутæ нæ уадзын.

Паддзахадон арæнты сæртыл хизыны закъон хæлд цæмæй ма цæуа, уый тыххæй арæнхъахъхъæнджыты бартæ сты бирæвæрсыг æмæ бæлвырд, æмæ ма сыл æрæджы бафтыд: паддзахадон арæнты сæртыл хизæг адæмæн сæ телефонтæ, ноутбуктæ æмæ æндæр ныры кон гаджеттæ æмæ фæрæзтæ кæндзысты бæрæг. Йæ телефонмæ кæнæ æндæр гаджетмæ æркæсыны ныхмæ чи уа, арæнты сæрты хизæг уыцы адæймаг цæудзæн иваргонд, науæд та йæ 15 суткæмæ ахæстонмæ бакæндзысты (УФ-йы Административон бадрадхæлдтыты кодексы 18.7-æм статьямæ гæсгæ).

# Электрон тых адæммæ хæццæ кæныныл ног дзуапдæттæг




**Электрон тых фæлхасгæнджытæм хæццæ кæныны хъуыддаджы æрцыд ивддзинæдтæ.**

Нæ республикæмæ электрон тых хæццæ кæныны бартæ лæвæрд æрцыдысты акционерон æхсæнад «Ставропольэнергосбыт»-мæ (йæ филиал нæ республикæйы у «Севкавказэнергосбыт»). Æмæ нырæй фæстæмæ, ацы коммуналон лæггад фæлхасгæнджытæм куыд хæццæ кæны, ууыл уыдзæн дзуапдæттæг. Афтæмæй, 1 июлæй фæстæмæ электрон тыхæн фидын хъæуы «Севкавказэнергосбыт»-ы хыгъдмæ. Уыимæ, алы адæймагæн, алы хицæн фæлхасгæнæгæн йæхи сæрмагонд хыгъд (реквизиттæ) ивд нæ цæуынц.

Ацы ногдзинад арæзт æрцыд федералон проект царды рауадзыны фæлгæты. Йæ нысан у электрон тых фæлхасгæнджытæм æнæкъуылымпыйæ хæццæ кæныны хъуыддаг ноджы фæнывылдæр кæнынæн.

Ныртæккæ «Севкавказэнергосбыт» алы фæлхасгæнæгимæ дæр аразы ног бадзырд. Уыцы хъуыддаг адæмы æппындæр ницæмæй тыхсын кæны, алкæмæн дæр йæ бадзырд ивд æрцæудзæн йæхæдæг йæхи æгъдауæй, «Севкавказэнергосбыт»-мæ электрон тыхæн сæ фыццаг бафыстимæ.

Юридикон иуæгтæн та алкæмæн дæр сæрмагондæй барвитдзысты, нырæй фæстæмæ электрон тыхæн сын куыд фидгæ у, ахæм хъусынгæнинаг.

# Фиддоны гæххæттæн йæ хуыз аивдзæн




**Ацы азы августæй фæивдзæн цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады лæггæдтæн фидыны квитанцæты хуыз.**

«Иумæйаг исбон дарыны» æмæ «Иумæйаг исбон цалцæджы» фиддонтæ ныр уыдзысты хицæн рæнхъытæй фыст. Квитанцæйы бæстонæй амынд цæудзæн, бацæуæнтæ æфснайынæн, лифт, стæй коммуналон иумæйаг лæггæдтæ нымайæн приборта дарынæн цас хæрдзтæ бахъуыд, æппæт уыдæттæ. Иудзырдæй, цæрджытæ æмбардзысты, се 'хцатæ цæуыл хардз кæнынц, уый.

Разамынддæттæг компанитæ квитанцæтæ хъуамæ æрвитой алы мæйы 5-æм боны. Цæрджытæ та коммуналон лæггæдтæн æппынфæстаг хъуамæ фидой алы мæйы 15-æм бон.

Адæймагмæ иуцасдæр рæстæг нæ уыд тæвд дон кæнæ хъарм, науæд æндæр коммуналон лæггадæй хъуаг баййæфта, зæгъгæ, уæд ын йæ фиддон разамынддæттæг компани хъуамæ ногæй банымайа, цæмæй къаддæр бафида, уый тыххæй.

# Ногдзинæдтæ – скъолаты

**Уæрæсейы Рухсады министрады уынаффæйæ ног ахуыры аз скъоладзаутæн амонын райдайдзысты ног предмет «Духовно-нравственная культура России». Хъуыддаг æххæстгонд цæудзæн къæпхæнгай. Министрады специалисттæ ныридæгæн кусынц ахуыргæнæн чингуытыл.**

Ног предмет 2026-2027 ахуыры азы дыккаг æмбисы амонын райдайдзысты 5-æм къласонтæн. Дарддæр, 2027-2028 ахуыры аз, предмет «Духовно-нравственная культура России» амонын райдайдзысты 6-æм æмæ 7-æм къласонтæн.

Ног предметы нысан у, уæрæсейаг адæймагæн ахсджиаг чи у, сыгъдæг удварны уыцы миниуджыты бындуртыл скъоладзауты хъомыл кæнын. Урочы рæстæг ахуырдзаутæ зонгæ кæндзысты, паддзахадон, æхсæнадон æмæ культурон архайджытæ, ахуыргæндтæ, æфсæддонтæ, сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæ историон цаутæм цы цæстæй кæсынц æмæ сын цы аргъ кæнынц, уыимæ. Урок амондзысты историйы ахуыргæнджытæ.

***

***5-æм кълæстæн фæкъаддæр кæндзысты англисаг æвзаджы уроктæ, ацы предмет сын уыдзæн къуыри дыууæ хатты. 6-7-æм кълæсты та англисаг æвзаджы урок уыдзæн æртæ хатты.***

***

Ацы ахуыры азæй фæстæмæ Уæрæсейы æппæт скъолаты 5-9-æм кълæсты ахуырдзаутæ дæр истори ахуыр кæндзысты уыцыиу программæмæ гæсгæ, стæй, уыцы программæйы цал ахуыры сахаты амынд ис, уыйбæрц. Сахæтты бæрцæн ивæн нæй, стæй программæмæ ивддзинæдтæ хæссыны бар дæр – афтæ. Уымæй уæлдай, 8-9-æм къласонтæн рауадздзысты, ноггонд чи æрцыд, паддзахадон ахæм ахуыргæнæн чингуытæ. Ногæй ма дыккаг æмæ æртыккаг хатт рауадздзысты чингуытæ хистæр æмæ астæуккаг скъолатæн. Алы къласы дæр цы темæтæ ахуыр кæндзысты, уыдон сты фидаргонд, æмæ сын ивыны бар нæй.

***

***6-8-æм кълæсты программæтæй систой æхсæнадзонынады предмет (обществознание). Скъоладзаутæ йæ ахуыр кæнын райдайдзысты æрмæстдæр 9-æм къласæй (9-æм къласы – иу урок, 10-11-æм кълæсты та – дыууæ урочы).***

***

Фыццагкъласонтæн ацы ахуыры азæй фæстæмæ официалон æгъдауæй сфидаргонд уагæвæрдмæ гæсгæ, хæдзармæ куыст дæттæн нал уыдзæн.

***

***Министрадæй куыд хъусын кæнынц, афтæмæй сæ пъланты ма ис 2027 азмæ хистæр къласонтæн химийæ, физикæ æмæ биологийæ ахуыргæнæн чингуытæ рауадзын. Уымæй уæлдай, куыст цæуы, агротехнологон кълæсты скъоладзауты кæуыл ахуыр кæнынц, уыцы аст къабазы ахуыргæнæн чиныг «Шаг в агротех»-ыл.***

***

Бæрæг куыд у, афтæмæй иуцасдæр рæстæджы размæ министрад рухсмæ рахаста физкультурæйы иумæйаг паддзахадон ахуыргæнæн чиныг. Уыимæ, профилон кълæсты физкультурæ уыдзæн къуыри æртæ хатты, иннæ кълæсты та – къуыри дыууæ хатты. Уыимæ, алы скъолайæн дæр йæхи фæндонмæ гæсгæ ис уыцы уроктæ фæфылдæр кæныны бар.

***

***Алы скъоладзауæн дæр йæхи фæндонмæ гæсгæ уыдзæн араббаг æвзаг, куыд дыккаг фæсарæйнаг æвзаг, уыцы хуызы йæ ахуыр кæныны тыххæй равзарыны бар.***

***

Иннæ ногдзинад – ацы ног ахуыры аз скъолаты райдайдзысты æвæрын бæрæггæнæн, ахуырдзау йæхи куыд дары, уый тыххæй. Бæрæггæнæн æвæрдзæн ахуыргæнæг – къласы разамонæг




# Æмæ та – пенситы тыххæй...

### Фæдзæхстадон пенситæ

Уæрæсейы Социалон фонд 1 августæй ногæй банымадта, кусгæ чи кæны, уыцы адæмæн сæ фæдзæхстадон пенситæ.

Сæ пенси фæфылдæр уыдзæн, официалон æгъдауæй 2025 азы кусын чи райдыдта æмæ йæ куыстдæттæг фæдзæхстадон фондмæ æрвылмæй бафыстытæ кæмæн æрвыста, уыдонæн. Сæ пенситыл æппынфылдæр бафтдзæн æртæ коэффициенты. Ацы аз иу пенсион коэффициенты аргъ у 156 сомы æмæ 76 капеччы. Афтæмæй, августы ног нымадмæ гæсгæ, амынд адæймæгтæн сæ пенситыл бафтдзæн 470 сомы æмæ 28 капеччы.

### Æмбырдгæнæн пенситæ

1 августæй адæмæн 17,3 процентæй фæфылдæр кæндзысты æмбырдгæнæн пенситæ дæр.

Ныртæккæ пенси йæхицæн чи æмбырд кæны, уыдон æрвылмæй сæ хыгъдимæ, рæстæмбис нымадæй, кæй бахæссынц, уыцы 1 600 сомыл ма бафтдзæн 286 сомы æмæ 4 капеччы, афтæмæй, æрвылмæйон бафыст схæццæ уыдзæн 1 886 соммæ æмæ 4 капекмæ.

Ноджы фылдæр – 19,3 процентæй (кæнæ та 579 сомæй) – фæфылдæр уыдзысты, паддзахады финансон æххуысæй пенси æмбырдгæнæн программæйы чи архайдта, науæд йæ фидæны пенсийы хыгъдмæ ныййарæджы капитал чи барвыста кæнæ та программæйы дæр чи нæ архайдта, афтæмæй йæ пенси йæхæдæг чи æмбырд кодта, уыдонæн.



### Ацæргæ адæймæгты пенситæ

1 августæй ма дыууæ хатты фæфылдæр уыдзæн, июлы 80 азы кæуыл сæххæст кæнæ та фыццаг къорды инвалидыл кæй банымадтой, уыцы ацæргæ адæмæн сæ пенсийы уæлæмхасæн бафыст.

Афтæмæй, уыцы уæлæмхасæн бафыст 9 584 сомæй æмæ 69 капеккæй схæццæ уыдзæн 19 169 соммæ æмæ 38 капекмæ. Бафыст дыууæ хатты цæмæй фæфылдæр уа, уый тыххæй адæймаджы нæдæр искуыдæм цæуын, нæдæр курдиат фыссын хъæуы. Зæгъын хъæуы уый, æмæ, адæймаг фыццаг къорды инвалид кæй ссис, уымæ гæсгæ йын йæ пенси кæд иу хатт фæфылдæр кодтой, уæд ын æй дыккаг хатт, 80 азы йыл кæй сæххæст, уымæ гæсгæ нал фæфылдæр кæндзысты.

Уымæй уæлдай, 80 азы кæуыл сæххæст æмæ фыццаг къорды инвалид чи у, уыдонæн сæ фæдзæхстадон пенситыл бафтаудзысты 1 413 сомы æмæ 86 капеччы, паддзахадон пенситыл та – 1 470 сомы æмæ 64 капеччы.

# Иумæ бирæ фæцæрын амонд у!



**Уæрæсейы Федерацийы Паддзахадон Думæмæ депутаттæн æркæсынмæ бахастой ног закъоны проект. Ныхас дзы цæуы, бирæ азты дæргъы иумæ чи фæцард, ахæм бинонтæн федералон бафыст снысан кæныныл.**

**Документы куыд амынд ис, афтæмæй, 50 азы иумæ чи фæцард, уыцы бинонтæн фиддзысты 100 мин сомы, 60 азы – уыдонæн 150 мин сомы æмæ, 70 азы иумæ чи фæцæра, уыдонæн та – 250 мин сомы.**

**Закъонæвæрынадон хъæппæрисы нысан у бинонты институты кад бæрзонддæр кæнын æмæ, дæсгай азтæ иумæ чи фæцард, ахæм бинонтæн уæлдай кад кæнын.**

**Ныридæгæн уал ахæм социалон æххуыс ис нæ бæстæйы иуæй-иу регионты, фæлæ, закъоны проект фидаргонд куыддæр æрцæуа, афтæ ацы бафысты иумæйаг системæ аххæсдзæн æппæт Уæрæсейыл дæр.**

# Сылгоймаг æмæ нæлгоймаг

*Бæрзонд нысантæм тырнынмæ нæлгоймаджы разæнгард кæны сылгоймаг, стæй, хъуыддагмæ куы бахæццæ вæййы, уæд къуылымпыгæнæг дæр вæййы сылгоймаг йæхæдæг.*

***Александр Дюма***

*Сылгоймаг бынтон иунæг уæд вæййы, æмæ йын йæ зæрдæмæ хæстæг сылгоймаг-хæлар куы нæ разыны.*

***Джордж Сантаяна***

*Нæлгоймаг æмæ сылгоймаг иу хъуыдымæ кæд æрцæуой, уæддæр æм æрцæуудзысты хицæн фæндæгтыл.*

***Джорд Сантаяна***

*Хуыцау нæлгоймагæй цыдæриддæр байста, фæлæ йын «нæ» цæмæй нæ загъта, уый у сылгоймаг.*

***Владислав Гжегорчик***

*Сылгоймаг куы нæ уыдаид, уæд æппæт дунейы æхцатæ дæр ницæмæн хъуыдаиккой.*

***Аристотель Онассис***

*Хицæн кæнгæйæ, зондджын сылгоймаг алцыдæр ныууадзы йæхицæн, суанг йæ лæджы дæр.*

***Роберт Лембке***

*Сылгоймагæн йæ хуыздæр дарæс – уарзон нæлгоймаджы хъæбыс.*

***Ив Сен-Лоран***

*Сылгоймаг йæхимæ куы зила, уæд ын норкæдзарм кæрц чи балхæна, ахæм дæр разындзæн.*

***Ив Сен-Лоран***

*Зæгъынц, зæгъгæ, сылгоймаджы цы фæнда, уый Хуыцауы дæр фæнды. Æрмæст, сылгоймаджы цы фæнды, уый Хуыцауæй йеддæмæ кæй ничи зоны, уый та нал фæзæгъынц.*

***Константин Мелихан***

*Йæ фæлмæндзинад цы сылгоймаг фесафы, уый фесафы йæ рæсугъддзинад дæр.*

***Оноре де Бальзак***

*Сылгоймаджы тых нæлгоймаджы лæмæгъдзинæдты ис.*

***Вольтер***

*Æнтыстытæм фæндаг йе 'дзаг у, сæ лæгты размæ чи схойы, ахæм сылгоймæгтæй.*

***Томас Дьюар***

*Сылгоймаджы аиппытæм ма нæлгоймаджы аиппытæ куы бафтынц, уæд уый хуыйны эмансипаци.*

***Аркадий Давидович***

*Сылгоймагæн «рæсугъд дæ», зæгъгæ, куы зæгъай, уæд уымæй йæ хъаруйыл æфтауыс хъару.*

***Франсуаза Саган***

*Йæ дзуапп цæттæ кæмæн нæу, ахæм сылгоймагæн ссарæн нæй, æвзаг ын уæд, уый йеддæмæ.*

***Уильям Шекспир***

*Сылгоймаджы дзурын сахуыр кæнын зын нæу. Зын у, йе 'взаг йæхимæ дарын цæмæй зона, ууыл æй сахуыр кæнын.*

***Елизавета I Тюдор***

**Фарс бацæттæ кодта ДЕДЕГКАТЫ Зæлинæ**



**Спортивон фидиуæг**



**Футбол**

# Нæ кæстæрты лæгдзинад



**Цæгат Кавказы федералон зылды футболæй фыццаг бынат бацахсыныл ерыстæ ‘рыгæтты (2010 æмæ 2011 азты гуырд) ’хсæн цыдысты уалдзæгæй августы онг.**

Ирыстонæй ерысты цы командæтæ архайдтой, уыдонæн бантыст фыццаг бынæттæ рамбулын.

2010 азы райгуырæг футболистты ерысы 1-аг бынат рамбылдта Дзæуджыхъæуы футболон скъола «Юность»-ы командæ. Цы аст командæйы дзы ерыс кодтой, уыдонимæ хъазгæйæ, дзæуджыхъæуккæгтæн бантыст 33 очкойы æрæмбырд кæнын, æмæ æнæкъуылымпыйæ бацахстой 1-аг бынат. Командæйы тренер у Æгъуызарты Солтан.

Афтæ æнæкъуылымпы рауад 2011 азы гуырд лæппуты командæйы архайд дæр. Тренер Гæтиты Эдуарды хъомылгæнинæгтæн цы фараст фембæлды уыди, уыдоны нæ лæппутæ рамбылдтой аст хатты æмæ зынгæ раздæр фесты сæ ныхмæлæуджытæй.

Ныр нæ дыууæ командæйы дарддæр ерыс кæндзысты Хуссар æмæ Цæгат Кавказы федералон зылдты иумæйаг Кубок рамбулыныл ерысты.

Нæ лæппуты æнтыстджын архайд ныфс дæтты, Ирыстоны футболы ног стъалытæ кæй сырæздзысты, уымæй.

**БАСКАТЫ Уырызмæг**

**Таурæгъ**

# Туджджыны лæгæт

Дæргъæвсгомы Хынцæджы хъæууатæй Къæхтысæры ‘хсæн къæдзæх хохы фахсыл иу лæгæты бацæуæн у дурæй амад. Лæгæтмæ фахсыл æнцон схизæн нæу, фæлæ йæ дардмæ дæр чи фены, уый йыл йæ цæст æрæвæры æмæ дисы бацæуы: «Нæ цæрынæн куы нæ бæззы, нæ мæсыгæн, уæд фахсыл лæгæтмæ схизæн сæхгæныны сæр кæй цæмæн бахъуыд!?» Бынæттон цæрджытæй искæй куы бафæрсай, уæд дын зæгъдзæн: «Уый Туджджыны лæгæт у».

Туджджыны лæгæтыл ис таурæгъ. Адæм æй алыхуызæтты дзурынц. Цагъаты Н. фысгæ дæр ныккодта æмæ йæ рауагъта 1963 азы чиныг «Памятники материальной культуры Северной Осетии»-йы. Æз æй фехъуыстон æндæр хуызы æмæ уын æй афтæмæй уæ размæ хæссын.

Кæддæр... Уый раджы уыди. Хынцæджы цæрджытæй иу лæгæн цуаны йæ топп фæирвæзт йе ‘мбалмæ. Æнæбарæй лæг амардта, фæтудж-джын тыхджын мыггагимæ, æмæ йын йæ рæстдзинад уыцы тызмæг дуджы кæй ницæмæ ‘рдардзысты, уый зыдта. Уæд-иу лæджы чи амардта, уый нæ, фæлæ кæй хæцæнгарзæй мард æрцыд, уый дæр нымад цыд туджджыныл, туджджыны фиддонтæ дзы домдтой. Æмæ цуанон лæг йæхи бафæсвæд кодта. Бон æмбæхст уыцы лæгæты, æхсæв та йæ фидæрттæ кодта — дуртæ йæм бæндæнæй ласта æмæ йын йе схизæн æхгæдта.

Туджджынæн йæ хæдзары дыууæ хойы æмæ мад йеддæмæ ничи уыд, æмæ зыдта, уыдоны кæй ничи бахъыгдардзæн. Сылгоймаджы туджы тыххæй ничи мардта, æфхæрдта. Уый худинагыл нымад цыд, æмæ ма йын-иу йæ хотæ сусæгæй хæринаг дæр схастой. Уыцы хабар бафиппайдтой, дзæгъæл гæрахæй чи фæмард, уый æртæ ‘фсымæры дæр, фæлæ сæ хотæ не ‘ндæвтой. Лæджы лæгæтæй куыд расайой æмæ сæ туг куыд райсой, ууыл уыд сæ сагъæс. Хотæ йын хæринаг схæссынц, уый дæр уыдон нымадтой хорзыл — кæд сæм искуы дæлиау ‘рхизид, уæд ыл сæ хæцæнгарз сæндзариккой. Æмæ æдзух фæлтæрæнтæ кодтой. Фæлæ сæ къухы не ‘фтыд. Цуаны ауайы, уый дæр зыдтой. Йæ разы дæр-иу бабадтысты, дардæй-иу æй æхстой, æввахс бацæуын æм нæ уæндыдысты, йæ рæстдзæвины ахаст ын зыдтой. Хорз цуанонил нымад уыд. Æфсымæрты фæцæгъдынæн ын фадат арæх уыд. Уæлдайдæр æм-иу лæгæтмæ куы бырстой, уæд. Фæлæ йæ барæй туг ныккалын нæ фæндыд, æмæ сæ-иу тæрсыны æхст кодта.

Æфсымæртæ сæхимидæг æмбæрстой цуаноны зæрдæйы уаг, фæлæ сæ ничи ницы дзырдта. Тугисыны тызмæг æмæ æгъатыр æгъдау сæ зонды мылазон мигъау ныббадт. Сæ сæртæ сисын, сæ дзыхы дзаг сдзурын сæ нал уагъта. Худинаг сæм каст, нырма се ‘фсымæры туг кæй нæ райстой, уый. Æмæ адæмы раз сæхи ‘нкъардтой ныхкъуырдæй.

Уæд иуахæмы кæстæр, царды нысан удæй хорз чи нæма банкъардта, уый йе ‘фсымæртæн куы райхалид, сæ худинаджы уавæрæй фервæзынæн æм цы хъуыды фæзынд, уый.

Иу мæйрухс æхсæвы, зæгъы, æз арсы цармы мæхи стухдзынæн, афтæмæй арсы цыдæй лæгæты ‘рдæм сабыргай мæ ных сараздзынæн. Нæ амæттаг мæ æнæ бафиппайгæ нæ фæуыдзæн, æрæхсдзæн мæ, æз фыццаг æхсты фæстæ мæхи мардæфсон скæндзынæн. Уый, цуанон уæвгæйæ, йæхи нæ бауромдзæн, йе ‘мбæхсæн бынатæй «арсы мардмæ» æрхиздзæн. Сымах уыцы рæстæджы хъуамæ æмбæхст уат, лæгæтмæ фæндаг уæм æхсты бæрцмæ хорз кæдæм зына, ахæм ран. Æмæ-иу ыл ма бацауæрдут. Æз дæр æй æхсдзынæн.



Фæнд хорз фæнд уыд, фæлæ æфсымæртæ нæ разы кодтой сæ кæстæры топпы дзыхмæ æрæвæрыныл, уæд та дæ фыццаг æхстæй амардта, куыд рæстдзæвин у, уый нын амонын нæ хъæуы, зæгъгæ. Фæлæ кæстæр æфсымæр йæ фæнд атардта тугисыны карз æгъдауы фæрцы. Æмæ æртæ ‘фсымæры иу мæйрухс æхсæв араст сты сæ туджджыны марынмæ. Сæ фæнд конд уыд. Кæстæр йæхи арсы цармы ‘рбатыхта æмæ арсы цыдæй фæхилы хохы фахсыл. Æфсымæртæ йæм сæ цæст дарынц. Уалынмæ йæ бафиппайдта цуанон дæр. Ныхъхъавыд æм, æмæ мæйрухс æдзæм æхсæвы топпы хъæрæй ныццарыдтой кæмтты нарджытæ. «Арс» æрхаудта æмæ айнæгыл æнцадæй аззад. Цуанон иудзæвгар йæхи нæ равдыста, фæлæ та, бæстæ куы ныссабыр, уæд лæгæтæй йæ амæттагмæ рараст. Æфсымæртæ йæ дæлиау ‘руагътой, фæстæмæ алидзын ын куыд нæ бантыстаид, уый бæрц. Стæй йæм сæ дыууæ дæр æмхъавд фæкодтой, æмæ дæ балгъитæг — афтæ. Лæг фæцудыдта, стæй сæрбихъуыраæйттæ кæнгæ æртылд се ‘фсымæры фарсмæ.

Æфсымæртæ се ‘мбæхсæн бынатæй фæгæппытæ кодтой, æмæ чи фæраздæронæй атагъд кодтой сæ кæстæры уавæр базонынмæ. Арсы цармæй йæ фæхицæн кодтой, асгæрстой йæ, фæлæ дæ фыдгул уыйау уæд. Рæстдзæвин цуанон нæ фæивгъуыдта иу æхстæй дæр. Чысыл фалдæр йæ мæрдон хуызы хуыссыд йæхæдæг дæр.

Гъе, ахæм æгъатыр æмæ тызмæг æгъдæуттæ уыд нæ хæхты. Уыдонæн æнусты æвдисæнæй лæууы Туджджыны лæгæт.

**ЦГЪОЙТЫ Хазби**

**Номарæн**

# Асланы мысгæйæ

Дыууиссæдз боны размæ не ‘хсæнæй йе ‘цæг дунемæ ацыд Ирыстоны хуыздæр журналисттæй иу, газеты бæрнон кусæг Сланты Аслан. Зæрдæрыстæй ныууагъта æрмæст йæ бинонты, йæ къабæзты нæ, фæлæ редакцийы æппæт кусджыты дæр.



Сланты Аслан газет «Рæстдзинад»-мæ кусынмæ ‘рбацыд 2001 азы февралы. Нæ бон афтæ зæгъын у, æмæ уыдис мадæлон æвзаджы дæсны, куыст саразынмæ сæрæн æмæ рæвдз.

Аслан лæмбынæг æмæ бæлвырд зыдта газеты радон номыр бацæттæ кæныны æппæт фæзилæнтæ дæр. Зæрдæбынæй уарзта нæхи ирон «Рæстдзинад», æмæ йæ мæлæтæй уæлдай ничи фæхицæн кодтаид газетæй. Никуы агуырдта хæрзиуджытæ, æнхъæлмæ дæр сæм нæ каст. Йæ хуыздæр хæрзиуæг уыд, газет Ирыстоны цæрæг ирон адæммæ фæхæццæ уа æнæкъуылымпыйæ æмæ æнæ рæдыдæй.

Зыдта, Ирыстонæн «Рæстдзинад» куыд ахсджиаг мыхуыры фæрæз у нæ культурæ, æгъдæуттæ æмæ истори парахат æмæ ирон дзырд цæрæццаг кæнынæн, уый. Бастдзинад дардта канд нæ республикæйы æхсæнадон организацитæ нæ, фæлæ ма Уæрæсейы æндæр регионты цæрæг ирон организацитæ æмæ адæймæгтимæ дæр. Хорз ахастдзинæдтæ йын уыд мæскуыйаг зындгонд артисттимæ, куы-иу ссыдысты Ирыстонмæ, уæд сæ-иу Аслан фæхуыдта æрдзы хъæбысмæ, æвдыста сын нæ республикæйы кæмтты алæмæты рæсугъддзинæдтæ.

Арв æнæ хур куыд нæ фидауы, афтæ нæ фидауы æнæ Аслан дæр «Рæстдзинад». Цалынмæ адæймаг нæ фарсмæ вæййы, цалынмæ йын «Дæ райсом хорз» зæгъыны фадат вæййы, уæдмæ нæ фембарæм, цард, уæддæр цыбыр кæй у æмæ кæрæдзийæн хорз ныхæстæ дзурынæн рæстæгыл ауæрдын кæй нæ хъæуы, уымæн æмæ райсом байрæджы уыдзæн.

Рухс дзæнæт дæ хай, Аслан, дæ фæстæ кæй ныууагътай, уыдонил хæрзаудæн кæн!

**Газет «Рæстдзинад»-ы коллектив**

***

**Хиуæттæ æмæ хæстæджытæ бузныг зæгъынц, сæ зыны сахат, Сланты Русланы фырт Асланы зианы бон сæ фарсмæ чи балæууыд, уыцы ‘рцæуæг адæмæн, æмæ хъусын кæнынц, йæ дыууиссæдзæм боны кæнд кæй уыдзæн сабаты, 15 августы, Ногиры, Буденныйы уынджы 31-æм хæдзары.**

**Фæсивæд**

# Бархионты архайд



**Стъараполы крайы горæт Пятигорскы зонындзинæдты центр «Машук»-ы чи ацыд, уыцы семинар-æмбырды архайæг æппæт Уæрæсейæ 139 уæлдæр ахуыргæнæндæтты минæвæрттæ университетты бархион æмæ æхсæнадон архайды райрæзты фæдыл сæ фæндæттæ бахъахъхъæдтой.**

Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты номæй æмбырды чи архайдта, фæсивæдон политикæ æмæ социалон фарстаты управленийы уыцы хицау **Ханайты Измаил** æххæст кодта бæстæйы фараст уæлдæр скъолайы минæвæрттæй арæзт командæйы проектон нымæрдары хæстæ. Ацы командæ кæй бавдыста, Уæрæсейы наукæ æмæ уæлдæр ахуырады министры хæдивæг **Ольга Петрова** йæ хъуыдытæ загъта студентты бархион архайды райрæзты уыцы проекты фæдыл.

Студенттæ бархион æмæ æхсæнадон куыстмæ цæмæй фылдæр æргом аздахой, æмбырды архайджытæ уымæн ахъазгæнæг хъуыддаджы сæйраг къабæзтæ сбæлвырд кодтой. Фембæлдмæ ‘рбацæуæг адæм бахастой бархионты фæндæттæ дзыллон хабархæссæг фæрæзты арæхдæр хъусын кæныны, стратегион сесситæ аразыны, стæй уæлдæр скъолаты æнтыстдзинæдтæ парахат кæныны фæндон.

2030 азмæ фæсивæды 45 проценты се ’ргом бархион æмæ æхсæнадон архайдмæ цæмæй аздахой, æмбырды хаст уынаффætæ уымæн ахъаз кæндзысты.

**Цæгат Ирыстоны паддзахадон университеты пресс-службæ**

**РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ**

**Газет "Рæстдзинад"**

хицæн адæймæгтæ, куыстуæттæ, кооперативтæ, алыхуызон фирмæтæ, кинотеатртæ, клубтæ æмæ салонтæй асламдæр æргътæй исы алыхуызон хъусынгæнинæгтæ — бæрæгбæттæ, куывдтæ, чындзæхсæвтæ æмæ райгуырæн бонты фæдыл арфæтæ, тæфæрфæстæ, мысæн бонты æрмæджытæ, рекламæ, уыимæ — газеты радон, науæд та хæстæгдæр номыртæм.

**КУСГÆ БОНТÆ** — къуырисæр, дыццæг, æртыццæг, цыппæрæм, майрæмбон (9 сахатæй 18 сахатмæ).

**25-67-03**

**Металлоизделия: ворота, двери, навесы из лексана, металлоконструкции любой сложности. Тел.: 8-928-928-88-24.**



**Обслуживание колонок и котлов. Тел.: 8-961-821-90-88.**

Номыры радхæссæг редактор — **Хъойбайты Галинæ.**
Дизайн: 1-аг æмæ 2-аг фæрстæн — **Гуыцмæзты Зæринæ;** 3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Рубайты Нелли.**
Корректортæ: 1-аг æмæ 3-аг фæрстæн — **Гаглойты Наташæ;** 2-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Кæлухты Фатимæ.**

**"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты**

**Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникациты комитет.**

**Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)**

**Сæйраг редактор ФИДАРАТЫ Юрий**

**Сæйраг редакторы исæн уат – 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ – 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ – 25-91-89.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз – 25-93-74, Абайты Эдуард – 25-99-33.** Рауагъды редактор: **Гæззаты Фатимæ – 25-96-16.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ – 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Татьяна Шеходанова** (къамисæг) – **25-96-31, Баскаты Уырызмæг – 25-91-88, Гугкаты Жаннæ – 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ – 25-94-57, Хъойбайты Галинæ – 25-90-54, Хæмыцаты Морис – 25-93-68, Хуыбиаты Ларисæ – 25-96-31.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ – 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ – 25-67-03.** Корректортæ – **25-93-36,** компьютерон цех – **25-93-97.**

➢ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ, æнæмæнг, бæрæггонд уа, “Рæстдзинад”-æй йæ кæй систой, уый.
➢ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не ‘рвитæм.
➢ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
➢ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй “Рæстдзинад”-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11. Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад “Ирыстон-полиграфсервис”-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы. Газет цæуы къуыри фондз хатты. Индекс 53901. Тираж 2408. Заказ № 873. Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа – 18.00. Мыхуырмæ фыст æрцыд – 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**